PUPUH XXXV: DHANGDHANGGULA (10i, 10a, 8e, 7u, 9i, 7a, 6u, 8a, 12i, 7a)

No.	Alih Aksara	Terjemahan
1.	Kyai Maja sarĕng amiarsi[1], lamun nata tan arsa pĕpanggya, tumungkul krasa tyase[2], lamun gung lĕpatipun, atĕnapi mring ngelmineki, rumaos lamun tiwas, barang aturipun, ingkang sampun kalampahan, dadya sangĕt nĕlangsa sajroning ati, marang Allah Tongala,	Kyai Maja setelah mendengar bahwa raja tidak ingin bertemu, tertunduk, terasa dalam hati bahwa besar kesalahannya, dan juga terhadap pencarian ilmunya. Ia merasa sia-sia belaka (atas) semua yang dikatakannya, yang sudah terlaksana, sehingga sangat nelangsa dalam hati, kepada Allah SWT,
2.	Atĕnapi dhumatĕng Jĕng Nabi, dadya medal Ki Maja luhira, **(h.101)** ngraos barang kadudone, nulya aris amuwus, wau marang Seh Badarodin, andika umatura, dhumatĕng Sang Prabu, kawula nuwun sapisan, angabĕkti dhumatĕng Sri Narapati, mapan sĕdya kawula,	dan juga kepada Kanjeng Nabi. Sehingga keluar air mata Ki Maja, merasakan semua yang terjadi. Kemudian berkata dengan pelan kepada Syekh Badaruddin, "Sampaikanlah kepada Sang Raja, saya meminta satu kali saja memberi hormat kepada Sang Raja. Niat saya akan
3.	Anglampahi ing karsa Nrĕpati, Dolah Kaji Badarodin nulya, wangsul matur mring Sri Katong, Sang Nata ngrĕs tyasipun, sarĕng mirsa ingaturneki, Seh Badarodin nulya, tinimbalan iku, lawan sagung kang ulama, lawan kaji ingkang badhe tumut sami, wus samya prapta ngarsa,	melakukan kehendak Raja." Dolah Haji Badaruddin kemudian pulang (lalu) menyampaikan kepada Sang Raja. Sang Raja tersentuh hatinya setelah mengetahui pelaporan itu. Syekh Badaruddin lalu memanggil (Kyai Maja) beserta seluruh ulama dan haji yang hendak ikut semua, sudah tiba semua di hadapan (raja).
4.	Kyai Maja nulya atur bekti, jawab asta lawan Sri Nalendra, esmu kumĕmbĕng waspane,	Kyai Maja kemudian memberi hormat, bersalaman dengan Sang Raja. Wajahnya seperti ingin menangis,

[1] Sesuai konteks dibaca *myarsi*
[2] Kurang satu suku kata

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	anglir wĕkasan pangguh, kaji lawan kang pra ngulami, sĕdaya pan mĕngkana, marma datan dangu, Sang Nata angrĕs kang driya, duk tumingal dhumatĕng Ki Maja iki, kadya karsaning Sukma,	seolah akhir sebuah pertemuan. Haji dan para ulama semua juga demikian. Tidak lama kemudian, Sang Raja terharu dalam hati saat melihat pada Ki Maja. Sudah kehendak Tuhan,
5.	Mapan lajĕng kinon mangkat sami, (h.102) datan ngantos matur Kyai Maja, tan winarna niskarane, mapan wus prapta iku, nĕnggih wetan ing pragi malih, Seh Ngusman Ali Basah, ingundang tan purun, lawan Seh Dolah Khajika, Ngabdulkadir dadya ingkang tumut nanging, Dolah Kaji Mustapa,	kemudian disuruh berangkat semuanya, tidak sempat berkata Kyai Maja. Tidak diceritakan semuanya, mereka sudah sampai, yakni di timur sungai. Syekh Usman Ali Basah dipanggil tidak mau, dengan Syekh Dolah Khajika Ngabdulkadir sehingga mengikuti saja Dolah Haji Mustapa,
6.	Nanging lawan kancanira pribadi[3], datan pĕpak sadaya mĕngkana, sagah samya nusul bae, nanging Tumĕnggungipun, ingkang pĕpak Mangkuyudeki, Urawan Brajayuda, Sadilaga iku, Tumĕnggung Pajang sadaya, datan tumut samya gĕla ing tyasneki, dhumatĕng Kyai Maja,	hanya dengan temannya sendiri. Tidak siap semuanya itu, (mereka) bersedia hendak menyusul saja. Tapi Raden Tumenggung bersiap-siap (dengan) Mangkuyuda, Urawan, Brajayuda, (dan) Sadilaga. Tumenggung Pajang semua tidak ikut, kecewa dalam hatinya kepada Kyai Maja.
7.	Dadya nanging sakmuridnya iki, lan sĕdherekira ingkang milya, nanging kathah kantun mangke, murid sĕdherekipun, ingkang sampun sami ngulami, sabab Kiyai Maja,	Sehingga hanya muridnya dan sanak saudaranya yang mengikuti, tapi banyak yang tertinggal murid serta sanak saudaranya yang sudah berstatus ulama. Sebab Kyai Maja

[3] Lebih satu suku kata

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	sring sělayanipun, kalawan Sri Naranata, lan ngelmunya sring nyělakakěn iki, (h.103) dhatěng Kyai Dhadhapan	sering menentang Sang Raja, dan ilmunya sering tidak mengakui Kyai Dhadhapan.
8.	Kadya sampun karsaning Yyang Widi, Kyai Maja kuwur manahira, datan kantěnan kajěnge, měngkana sarěng dalu, lajěng mangkat mring Pacoh iki, gangsalatus wětara, ingkang ngiring iku, mapan lajěng tinurutan, Kurnel Lebron Ki Maja aturan uning, kalamun tinurutan,	Seperti sudah kehendak Yang Maha Kuasa, Kyai Maja gundah hatinya, tidak terlaksana keinginannya. Demikian saat malam hari, kemudian berangkat ke Pacoh, kira-kira lima ratus (jumlahnya) yang mengiringi. Kemudian diikuti oleh Kolonel Le Bron. Kyai Maja diberi tahu bahwa diikuti,
9.	Mapan lajěng kinen ngati ati, sarěng enjang Laknat pan katingal, Eslam sampun baris mangko, pan tan kuciwa iku, Kyai Maja emut tyasneki, dhumatěng ngelminira, lan karsa Sang Prabu, sědya sabil karsanira, sampun nyandhak waos yun ngawaki jurit, sagung kang pra dipatya,	kemudian disuruh berhati-hati. Saat pagi hari pasukan Laknat terlihat. Pasukan Islam sudah berbaris, tidak mengecewakan. Kyai Maja ingat dalam hati pada ilmunya dan kehendak Sang Raja. Berniat hendak mati sabil, sudah meraih tombak hendak memimpin peperangan, seluruh adipati
10.	Lan prajurit samya ngrěbut sami, Ki Mlangi wus ngagěm sanjata, sědaya wus nědya rěmpon, sarěng ningali iku, Kyai Maja yun nyalirani, kasad Běsari mapan, wus umpětan iku, měngkana Kyai Dhadhapan, mapan sangět genira matur puniki, Kyai prayogi sabar,	dan prajurit semua berebut. Ki Mlangi sudah menggunakan senjata, semua sudah siap berperang habis-habisan. Ketika melihat itu Kyai Maja ingin memimpin, Kasad Besari sudah bersembunyi. Demikianlah Kyai Dhadhapan dengan sangat mengatakan demikian, “Kyai sebaiknya bersabar,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
11.	Pan kawula yun nyoba kari-(h.104)-yin, měthukakěn dhumatěng punika, měnawi sae kajěnge, wus karsaning Yyang Agung, Kyai Maja kěndho tyasneki, měngkana Ki Dhadhapan, lumajěng mring ngayuda, ngawe-awe tanganira, Kapitan Rup měngkana nulya nimbangi, sampun samya pěpanggya,	saya ingin mencoba dahulu, bertemu dengannya. Jika baik biarkanlah.” Sudah kehendak Yang Maha Agung. Kyai Maja melembut hatinya. Demikianlah Ki Dhadhapan maju ke medan perang, melambai-lambaikan tangan. Kapten Roeps kemudian mempertimbangkan, sudah bertemu semua.
12.	Nulya samya nyapih kang prajurit, Kurnel Lebron marěk nulya panggya, kalawan Ki Maja mangko, dadya wus sae iku, sarěng dalu Ki Maja iki, sing wěringin ika, Kurnel nyipěng iku, neng beteng pělěm měngkana, sarěng enjang Ki Maja dipunaturi, mring Kělathen bicara,	Lalu semua menghentikan peperangan. Kolonel Le Bron menghadap kemudian bertemu dengan Ki Maja. Jadi sudah baik semua itu. Ketika malam hari Ki Maja (pergi) dari Beringin. Kolonel menginap di benteng Pelem. Ketika pagi hari Ki Maja diberi tahu (agar pergi) ke Klaten untuk bicara.
13.	Wus dilalah karsaning Yyang Widi, Kyai Maja gampang manahira, pan wus tan winarna mangko, měngkana kang winuwus, Sri Nalendra miarsa warti, kalamun Kyai Maja, mring Kělathen iku, langkung ngungun ing tyasira, mring prajurit ingkang samya tumut iki, lawan ingkang prědikan,	Sudah kehendak Tuhan, Kyai Maja enak hatinya. Sudah tidak diceritakan. Demikian yang diceritakan, Sang Raja mendengar kabar bahwa Kyai Maja pergi ke Klaten. Sangat heran dalam hatinya, terhadap prajurit yang mengikuti serta yang dibebaskan.
14.	Pi-(h.105)-tung dintěn antawisneki, Sri Nalendra mapan nuju lěnggah, neng surambi langgar mangko, ingkang soan[4] neng ngayun,	Tujuh hari kira-kira (perjalanannya). Sang Raja sedang duduk di serambi langgar. Yang menghadap di depan

[4] Sesuai konteks dibaca *sowan*

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	Badarodin lan Barmawi, Puthut Lawa kalawan, Jayanagareku, ngraosi mring Mangkuyuda, kawan sagung ingkang samya tumut iki, andangu ngelminira,	(adalah) Badaruddin dan Barmawi, Puthut Lawa serta Jayanegara. (Mereka) membicarakan Mangkuyuda, serta semua orang yang mengikuti. (Raja) bertanya tentang ilmunya
15.	Mring Barmawi lan Khaji Mamraji, apa ingsun tan oleh duraka, sabab kang lumaku kabeh, mapan parentah ingsun, kějabane Ki Maja iki, pan karěpe pribadya, Barmawi turipun, kados botěn pramilanya, sabab sampun paduka dhawahakěn iki, wande ing lampahira,	pada Barmawi dan Haji Mamraji, “Apa aku tidak boleh durhaka? Sebab semua tindakan (adalah) perintahku, kecuali Ki Maja (yang) sesuai keinginan pribadinya.” Barmawi berkata, “Sepertinya tidak boleh. Alasannya karena sudah Paduka perintahkan, belum dilaksanakan.”
16.	Tan pantara Mangkuyuda prapti, mapan lawan Seh Khaji Mustapa, Mlangi Wanakramane, kagyat sang Nata dulu, gya ingawe sěkawan sami, lumajěng ngaras pada, samya nangis iku, Sang Nata alěs kang driya, lon ngandika wus padha měněnga iki, mara sira tutura,	Tidak lama kemudian pasukan Mangkuyuda tiba dengan Syekh Haji Mustapa, Mlangi Wanakrama. Sang Raja terkejut melihat itu. Segera keempatnya diminta mendekat kemudian (mereka) menyembah kaki (raja), mereka semua menangis. Sang Raja tersentuh hatinya, berkata pelan, “Sudah diamlah kalian. Kemari kau, katakanlah.”
17.	pan sěkawan samya a-(h.106)-turneki, lamun tiwas di dalěm sadaya, wus katur saneskarane, myang Kyai Maja iku, mapan aneng Surakěrteki, Khaji Dullatip prapta, samya nangis iku, pan sarěntě[5] dhatěngira,	Keempat orang itu semua berkata bahwa semua sudah gagal. Sudah disampaikan seluruh perkaranya kepada Kyai Maja, di Surakarta Haji Abdullatip tiba, sambil menangis, datangnya tidak bersamaan.

[5] Sesuai konteks dibaca *sarěnti*

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	Sri Nalendra měngkana ngandika aris, wus aja na rinasa,	Sang Raja berkata dengan pelan, demikian, “Sudah, jangan dirasakan.
18.	Pan gantungan wong aneng donyeki, běgja lara pati nora bakal, wus padha muliha kabeh, nulya luwar Sang Prabu, Kyai Maja wus tan winarni, měngkana Sri Nalendra, animbali iku, mring Basah Prawiradirja, lan kang paman Kangjěng Pangran Behi, sampun prapta ing ngarsa,	Yang diandalkan semua orang di dunia ini keberuntungan, bukannya sakit atau kematian. Sudah, pulanglah kalian semua.” Lalu keluar Sang Raja. Kyai Maja sudah tidak diceritakan. Demikianlah Sang Raja memanggil Basah Prawiradirja dan pamannya, Kanjeng Pangeran Ngabei. Sudah tiba di hadapan (raja),
19.	Sri Nalendra angandika aris, mapan dangu Pagělen wartanya, Den Basah alon ature, sampun padhang sědarum, Laknatolah tan sagěd mijil, ingkang langkung keringan, Pagělen sědarum, abdi dalěm basah tiga, mapan anging Den Basah Měrtanagari, kělamun kesah nglanglang,	Sang Raja berkata pelan, “Lama (sekali) kabar dari Pagelen.” Raden Basah berkata perlahan, “Sudah jelas semua, pasukan Laknat tidak bisa keluar, (karena) sangat ketakutan. Di seluruh Pagelen, para abdi dalem, tiga basah, dan hanya Raden Basah Mertanagara, jika pergi berkeliling,
20.	Laknattolah samya iněp kori, (h.107) nadyan silih lumampah pribadya, Laknat kělangkung kawuse, Sang Nata malih nantun, mring kang paman Jěng Pangran Behi, kula mapan yun kesah, mring Pagělen iku, ngupados pangulu ika, kalih dolah sampeyan těngga ing wingking, kalih wayah sampeyan,	pasukan Laknat semua bersembunyi. Meskipun bergantian berjalan sendiri-sendiri, pasukan Laknat sangat kapok.” Sang Raja bertanya lagi pada sang paman, Kanjeng Pangeran Ngabei, “Saya ingin pergi ke Pagelen, mencari penghulu, serta berjalan-jalan. Anda menunggu di belakang dengan cucu Anda,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
21.	Lawan Basah Prawiradirjeki, pan katiga sandika turira, Den Basah aris ature, punapa kang sinuhun, nĕnggih botĕn mundhut prajurit, Sang Nata ris ngandika, wus tan susah iku, ing buri poma den yitna, mapan ingsun yun lunga tanpa karyeki, nanging wong jro kewala,	serta Basah Prawiradirja." Ketiga orang itu menyetujui. Raden Basah berkata pelan, "Apakah Yang Mulia tidak membawa prajurit?" Sang Raja berkata pelan, "Sudah tidak perlu hal itu. Yang berada di belakang hendaknya waspada. Aku ingin pergi tanpa dibesar-besarkan, hanya dengan orang-orang dalam saja.
22.	Kang sun gawa lawan Ngabdulmajid, paman prabu kabeh pan suntinggal, prajurit nging papat bae, tamtama Suryagameku, mantri jĕro Suranateki, lawan kabeh ngulameku, kang prĕlu ayun sunpilihi padha, ngulama Pagĕlen ĕndi, kang (h.108) dadi prayoga gĕntenane,	Yang kubawa (yaitu) dengan Ngabdulmajid, paman raja semua kutinggal, prajurit hanya empat orang saja, prajurit pilihan, Suryagama, prajurit Suranata, serta seluruh ulama yang perlu hendak kupilihi, Ulama Pagelen yang mana yang sebaiknya menjadi pengganti
23.	Mring Ki Maja kang pĕnguloneki, pan sadaya sandika turira, enjang nulya budhal katong, Ki Jayacapa iku, pan tinilar karsa Nrĕpati, budi aneng gĕdhogan, lan mĕdal luhipun, nyai lurah sĕca nama, tur uninga lamun Jayacapa nangis, nulya kinen nusulna,	Ki Maja yang pergi ke barat." Semua menerima perkataan itu. Pagi harinya sang raja berangkat. Ki Jayacapa (atas) kehendak Raja, (ia) ditinggal tetap berada di kendang kuda, dan keluar air matanya. Nyai Lurah Secanama mengatakan bahwa Jayacapa menangis, kemudian disuruh menyusul.
24.	Tan winarna sang Nata neng margi, sampun rawuh ing Pagĕlen nulya, tigang dalu neng margine, masanggrahan Sang Prabu, aneng mĕsjid ing kawis inggil, Basah Martanagara,	Tak diceritakan Sang Raja di perjalanan, kemudian sudah tiba di Pagelen. Tiga malam perjalanannya, Sang Raja singgah di masjid di beranda atas. Basah Mertanagara

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	tinimbalan sampun, lan Dolah Gandakusuma, mapan sampun prapta ngarsa nrěpati, estu kangěn nalendra,	sudah dipanggil beserta Dolah Gandakusuma. Sudah tiba di hadapan raja, sungguh rindu pada raja.
25.	Lajěng lěnggah Sang Nata surambi, ingkang paman prabu ika, lan Pangran Ngabdulmajide, myang kang ulama sagung, ing Pagělen wus samya prapti, ing ngirid Raden Basah, Martaněgareku, lan Raden Gandakusuma, nulya tunggil ngula Pagělen sa-(h.109)-mi, lan ngulama Měntaram,	Kemudian Sang Raja duduk di serambi. Pamannya dan Pangeran Ngabdulmajid serta seluruh ulama sudah sampai di Pagelen, yang memimpin (adalah) Raden Basah Mertanagara dan Raden Gandakusuma. Kemudian semua berkumpul di Pagelen dengan ulama Mataram.
26.	Pajang Kědhu mapan sampun nunggil, Raden Basah nunggil Puthut Lawa, lan Dolah Badarodine, lan Tuwan Sarip iku, Samparwadi mapan anunggil, Raden Gandakusuma, Jayaněgareku, dene sagung kang ngulama, ingkang sěpuh Pagělen naming kěkalih, něnggih amběngan wiyar,	Pajang Kedhu sudah berkumpul, Raden Basah berkumpul dengan Puthut Lawa dan Dolah Badaruddin serta Tuan Sarip. Samparwadi berkumpul, (dengan) Raden Gandakusuma Jayanegara. Adapun seluruh ulama yang sepuh di Pagelen hanya dua orang. yakni yang dijamu dengan banyak
27.	Seh Kěstu Brongkol puniki, Seh Muhamad ingkang sěpuh samya, ginuron pra ngulamane, punika kang tinantun, inggih dhatěng Sri Narapati, sědaya cacahira, kang ngulama sagung, mapan satus kawan dasa, langkung kalih ingkang dherek mring Něrpati,	Syekh Kestu Brongkol, Syekh Muhammad yang sepuh semua, dihormati oleh para ulama. Demikian yang dimintakan pendapat kepada Sang Raja, (bahwa) seluruh jumlah ulama semua seratus empat puluh orang, lebih dua (orang) yang mengikuti Raja. Pajang Kedhu Mataram

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	Pajang Kědhu Měntaram,	
28.	Ing Pagělen wus samya tinari, aturira pan sami kewala, aněnggih Muhamad Kusen, pan kapenakanipun, něnggih Kyai Pangulu nguni, Ibraim ingkang surga, wus pitajěng tuhu, něnggih dhatěng ngelminira, lawan dawěg sěpuh ane-(h.110)-mipun mangkin, lan sampun tan kuciwa,	di Pagelen semua sudah dimintai pendapat, perkataannya sama saja, bahwa Muhammad Kusen keponakannya, bahwa Kyai Pengulu dulu Ibrahim yang telah meninggal, sudah dipercaya sungguh-sungguh perihal ilmunya dan perihal tua serta mudanya (ilmu) dan sudah tidak kecewa.
29.	Lan Ki Maja datan kantun yěkti, lawan těksih talěr pangulunnya, Sang Nata wus nurut mangko, mring sagung aturipun, wau ingkang para ngulami, mapan pinaring nama, Nunggak Sěmi iku, anglir ki pangulu surga, mapan nama pengulu pěkih Ibraim, wus mupakat sadaya,	Juga Ki Maja tidak ketinggalan (ditanya) perihal masih berkerabat dengan penghulunya. Sang Raja sudah menuruti seluruh perkataan para ulama. Diberikan nama Nunggak Semi seperti ki Pengulu surga, nama Pengulu ulama Ibrahim sudah setuju seluruh
30.	Gung ngulama myang pratiwa sami, Raden Basah wus kinon wangsula, dhumatěng barisan maleh, samya suka rěneku, sabab talěr pangulu sami, lawan Raden Dipatya, Sang Nata winuwus, neng Pagělen mapan lama, sring měng-aměng dhatěng lepen Cecinggoling, mapan ningali baya,	pembesar ulama dan senapati. Raden Basah sudah disuruh kembali ke barisan pasukannya, dengan senang hati (ia kembali). Sebab berkerabat dengan seluruh penghulu Raden Adipati. Sang Raja diceritakan di Pagelen cukup lama, sering berjalan-jalan ke sungai Cecinggoling melihat buaya.
31.	Kang ngladosi pan dolah satunggil,	Satu orang dolah yang meladeni,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	Raden Banyak Widhe namanira, lan Rangga Kawis Inggĕle, nĕnggih Rangga Mĕntaun, pan punika ingkang pinanci, ngladosi Sri Nalendra, mring Den Basah iku, kawarnaa ing Mĕntaram, pĕsanggraha-(h.111)-n Pĕngasih kinewu iki, dhumatĕng Laknatolah,	Raden Banyak Widhe namanya, dan Rangga Kawis Inggil. Adapun Rangga Mentaun itu yang dipastikan meladeni Sang Raja. Raden Basah diceritakan di Mataram, bersinggah di Pengasih, disegani oleh pasukan Laknat.
32.	Pan uninga yen sĕpi Nrĕpati, prajuritnya lĕbĕt dherek samya, marma Laknat puruk mangko, Raden Basah puniku, pan katungkulan Pangran Behi, kalih mapan tan nyana, yen Laknat puniku, ing sĕmangke dalu mangkat, mring Pĕngasih kĕlangkung denira dhĕmit, jawah sangĕt pĕtĕngnya,	Ketika diketahui bahwa Sang Raja sendiri, prajurit dalam ikut semua, maka pasukan Laknat mendatangi. Raden Basah ditundukkan Pangeran Ngabei, (mereka) tidak menduga bahwa pasukan Laknat malam ini berangkat, berangkatnya ke Pengasih sangat diam-diam, (di sana) hujan dan gelap sekali.
33.	Pangran Behi mapan barisneki, neng cĕpuri Raden Basah Prawiradirja, mĕksih neng pondhoke, lan saprajuritipun, lamun siyang anglanglang iki, marma samya tan nyana, sabab Laknat iku, wus lama tan mĕdal yuda, lan Den Basah kang dados ecaning galih, sabab Kangjĕng Pangeran,	Pasukan Pangeran Ngabei di pagar, Raden Basah Prawiradirja masih di pondoknya beserta seluruh prajuritnya, kalau siang hari berkeliling. Karena semua tidak menduga, pasukan Laknat itu sudah lama tidak keluar berperang, dan Raden Basah yang jadi lega dalam hati sebab Kanjeng Pangeran
34.	Barisira aneng ngajĕng iki, anindhihi Pangran Pakuningrat, lawan Cakranagarane, Jaya Pidĕksa iku, Laknatolah langkung asandi,	pasukannya ada di depan. Yang memimpin Pangeran Pakuningrat serta Cakranegara Jaya Pideksa. Pasukan Laknat (bergerak dengan) diam-

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	sabĕn dhusun kamargan, yen tina-(h.112)-ken iku, mapan ngakĕn prajuritnya, Pangran Behi yun kondur dhatĕng Pĕngasih, mapan awat ngandikan,	diam, di setiap dusun yang dilewati jika ditanyai mengaku sebagai prajuritnya Pangeran Ngabei yang ingin pulang ke Pengasih, berhati-hati bicaranya.
35.	Marmanira lampahnya lĕstari, sarĕng waktu subuh praptanira, aneng ing Pĕngasih mangko, ingkang tĕngga puniku, pĕsanggrahan Pĕngasih iki, Pangeran Dipanagara, lagya salat subuh, lan sagung kang kĕmit samya, jalu estri mapan lagya salat sami, langkung tan wontĕn nyana,	Karena itu perjalanannya lancer. Ketika waktu subuh (mereka) tiba di Pengasih. Yang menunggui pesanggrahan Pengasih, (yakni) Pangeran Dipanegara sedang salat subuh, dan semua yang menjaga, baik pria maupun wanita, semua sedang salat. Sungguh tidak ada yang menyangka,
36.	Laknatolah sarĕng prapta iki, samya gugup ika, ingĕdrel tambah polahe, mapan lajĕng kinĕpung, Pangran Dipanagara iki, nanging marmaning Sukma, pan sida yaiku, samya wal sagĕd lumajar, nanging dunya brana ingkang sirna ĕnting, ing Pĕngasih saya,	Pasukan Laknat ketika tiba semua merasa gugup. Sikapnya memberi hormat senjata, kemudian dikepunglah Pangeran Dipanegara, tapi oleh karena (kehendak) Tuhan, jadilah semua bubrah (sehingga) bisa kabur. Tetapi harta bendanya habis. Di Pengasih semakin
37.	Pan tan ngantos sagĕd angopeni, saking dene sangĕt kuwurira, gangsal kang prapta sabile, kabĕtah lajĕng ngamuk, mantri sĕpuh wastanireki, pan Ma-(h.113)-s Prabalĕksana, lawan ngampil iku, awasta Ki Dĕrma Truna, saanaknya nongsong Priyataka iki,	tidak bisa menjaga, oleh karena sangat bingung. Lima orang yang tewas, berseru kuat kemudian menyerang. Mantri sepuh yang bernama Mas Prabaleksana dengan membawa orang yang bernama Ki Derma Truna, serta anaknya menyongsong Priyataka,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	nanging jaja sadaya,	semua dihadapi,
38.	Mapan nuju samya kĕmit iki, Raden Basah sarĕng amiarsa, gugup lajĕng nambur mangke, prajurit mapan sagung, kagyat langkung kasĕsaneki, sabab tan wontĕn nyana, sangĕt enjingipun, Laknat sarĕng mirĕng ika, tambur muni lawan salompret puniki, lajĕng tata barisnya,	terhadap semua yang menjaga. Raden Basah saat mendengar, merasa gugup lalu membunyikan genderang. Seluruh pasukan terkejut dan sangat terburu-buru, karena tidak ada yang menduga (masih) sangat pagi sekali. Pasukan Laknat ketika mendengar genderang berbunyi serta terompet, kemudian mengatur barisannya.
39.	Raden Basah Prawiradirjeki, lajĕng budhal tan ngantos sumĕkta, prajurit nging saanane, kang kantun samya nusul, saking sangĕt kasĕsaneki, nĕnggih Rahaden Basah, langkung ajrihipun, rumaos kalamun tiwas, tigang atus prajurit kang sarĕng iki, tinata turut marga,	Raden Basah Prawiradirja lalu berangkat, tidak sempat bersiap-siap. Prajurit hanya seadannya, yang tertinggal semua menyusul, karena sangat terburu-buru. Adapun Raden Basah sangat takut, merasa bahwa (ia) sudah gagal. Tiga ratus prajurit yang menyertainya diatur di sepanjang jalan.
40.	Sarĕng prapta lajĕng nĕmpuh jurit, langkung rame Laknat kathah modar, Eslam saya kathah mangko, ingkang prapta anusul, Lakna-(h.114)-t mundur prangnya kalindhih, Pangran Behi winarna, sarĕng mirsa iku, yen Pĕngasih kalĕbĕtan, Laknat mapan langkung ajrihneki, rumaos lamun tiwas,	Ketika sampai kemudian bertempur, sangat ramai, pasukan Laknat banyak yang mati. Pasukan Islam semakin banyak jumlahnya yang datang menyusul. Pasukan Laknat mundur, dikalahkan dalam perang. Diceritakan Pangeran Ngabei (datang), saat mendengar bahwa Pengasih kesusupan (musuh), pasukan Laknat sangat takut, merasa bahwa gagal,
41.	Dene ngantos kabobolan iki, lajĕng nambur lawan mirsa swara,	karena sampai kebobolan, lalu membunyikan genderang serta

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	sěnjata Pěngasih rame, nging běsmen tan kadulu, Pangran Behi nulya nututi, lan Pangran Pakuningrat, Cakraněgareku, Jaya Piděksa winarna, Laknatolah ingkang kabujung ing jurit, lajěng kapěthuk marga,	mendengar suara senjata ramai di Pengasih, ada pembakaran tetapi tak terlihat. Pangeran Ngabei kemudian mengikuti, dan Pangeran Pakuningrat, Cakranegara Jaya Pideksa diceritakan, Laknat yang diburu di medan perang kemudian bertemu di jalan,
42.	Němggih lawan Pangeran Ngabehi, lajěng campuh wingking tinurutan, Laknat kělangkung bingunge, kěkecer bangkenipun, gennya ngayah pan kathah iki, tinilar urut marga, sing kasěsanipun, wau denira lumajar, ěněngěna Laknat wus datan winarni, kawarnaa Den Basah,	dengan Pangeran Ngabei, kemudian bertempur, yang di belakang diikuti. Pasukan Laknat sangat kebingungan, berserakan jasadnya. Banyak yang asal-asalan (menyerang), ditinggal di sepanjang jalan, karena terburu-buru olehnya lari. Diamkanlah tentang Pasukan Laknat, tidak diceritakan. Diceritakanlah Raden Basah
43.	Sampun panggih lan Pangeran Behi, Pangran Dipanagara tika, pan samya ngrao-(h.115)-s tiwase, dene prajurit iku, mapan tiga kang prapta sabil, kang labět kalih wělas, nanging Laknat iku, pan langkung denya kasěsa, marmanira datan kantos amběsmeni, ing Pěngasih punika,	sudah bertemu dengan Pangeran Ngabei, (dan) Pangeran Dipanegara. Semua merasa gagal. Adapun para prajurit itu, tiga orang yang tewas, yang terluka dua belas orang. Tapi prajurit Laknat sangat terburu-buru, itu sebabnya tidak sampai membakari, di Pengasih
44.	Tiga rěmbag samya atur uning, lamun tiwas denya těngga, pasanggrahannya sang katong, tan winarna wus katur, ingkang sěrat dhatěng Nrěpati,	tiga orang itu berembug, semua saling memberi tahu bahwa gagal menunggui pesanggrahan sang raja. Tidak diceritakan yang sudah disampaikan

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	Sang Nata mapan nulya, sing Pagĕlen kondur, tan winarna rawuhira, ing Pĕngasih sangsaya cobaning Widi, dhatĕng Sri Naranata,	dalam surat kepada raja. Sang Raja kemudian pulang dari Pagelen, tidak diceritakan kedatangannya. Di Pengasih, semakin-makin pencobaan dari Tuhan kepada Sang Raja.
45.	Raden Basah Prawiradirjeki, manggung beka dhumatĕng Nalendra, yatra bandar sĕdayane, mapan kĕdah sinuwun, sagung ing prang dipunsagahi, lan malih panuwunnya, Raden Basah iku, Raden Dipati Danurja, nĕnggih lawan Raden Basah Ngabdullatip, wontĕn ning ngarsa Nata,	Raden Basah Prawiradirja terus-terusan merepotkan Sang Raja, (perihal) uang bandar dan semuanya, harus diminta, semua yang di medan perang dihadapi dan lagi permintaannya Raden Basah itu. Raden Adipati Danureja serta Raden Basah Ngabdullatip ada di hadapan raja
46.	Lawan sagung prajurit puniki, pan sinuwun sadaya punika, basah lan pra dipatine, ingkang parentah sagung, ing (h.116) prajurit Sinuhun sami, Sang Nata esmu kewran, mĕngkana nulyeku, animbali mring kang paman, Pangran Behi lan Pangeran Ngabdulmajid, Mas Pangulu kalawan,	beserta seluruh prajurit. Dimintalah semua itu, Basah dan para adipati semua diperintahkan prajurit Yang Mulia semua. Sang Raja terlihat ragu, demikianlah kemudian memanggil pamannya, (yakni) Pangeran Ngabei dan Pangeran Ngabdulmajid, Mas Pengulu serta
47.	Nĕnggih Dolah Kaji Badarodin, Puthut Lawa lan Jayanagara, kang sowan ngarsa sang katong, ris ngandika Sang Prabu, mring kang paman Pangeran Ngabehi, pan kados pundi paman, tan ewĕt puniku, lamun tiyang nyĕpĕng pĕdhang, dipunsambi nyĕpĕng arta kados pundi,	Dola Haji Badaruddin, Puthut Lawa dan Jayanegara, menghadap di hadapan sang raja. Sang Raja berkata pelan kepada pamannya, Pangeran Ngabei, “Bagaimana, Paman? Tidak kesulitankah engkau, jika orang memegang pedang, sambil memegang uang, bagaimana?

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	punapa tan kapiran,	Apakah tidak repot?”
48.	Pangran Behi mĕngkana turneki, mapan sampun tan kirang kawula, nging mĕksa drĕng panuwune, sagah kadugi sampun, mapan ngrangkĕp kang damĕl kalih, sayĕktosipun punika, sing marinanipun, dhatĕng kagungan Nalendra, sabab kathah tan kang kantĕnan damĕlneki, wontĕn adhi Danurja,	Pangeran Ngabei berkata demikian, “Sudah tidak kurang. Saya hanya mengusahakan permintaan, berjanji sampai sudah (terlaksana), merangkap kedua pekerjaan. Sesungguhnya hal itu, yang menjadi kesedihan bagi Raja, sebab banyak pekerjaan yang tidak terlaksana pada Adinda Danureja.
49.	Basah nĕdha awit angsalneki, milanipun sinuwun punika, myang bantu mĕ-(h.117)-katĕn maleh, ingkang bupatya sagung, mapan kathah kĕndho prangneki, adhi Danurja kirang, ing pamĕrdenipun, dene Paduka Nalendra, ingaturan dhahar dhatĕng basah nĕnggih, tigang ewu sawulan,	Basah meminta awal perolehannya itu. Itu sebabnya diminta hal itu, juga bantuan yang demikian lagi. Seluruh bupati banyak yang kendor perangnya, Adinda Danureja kurang dalam perihal pembiasaan berlaku baik.” Adapun Paduka Raja memerintahkan meminta pada basah yakni tiga ribu sebulan.
50.	Sri Nalendra mesĕm ngandika ris, kados pundi paman prayoginya, Pangulu Ngabdulmajide, Badarodin sireku, pan sĕdaya samya turneki, prayogi tinurutan, mapan mindhak cukup, Paduka Ji kang rumĕksa, lawan rikuh yen tĕbih Raden Dipati, lan sae sawangira,	Sang Raja tersenyum sambil berkata pelan, “Bagaimana sebaiknya, Paman, Pengulu Ngabdulmajid (dan) Badaruddin?” Semua menjawab bersamaan, “Sebaiknya dituruti, agar cukup. Paduka Raja yang melindungi, serta repot kalau jauh (dari) Raden Adipati dan baik kelihatannya.
51.	Kang jagani ing karsa Nrĕpati, pan Pangulu Patih lawan jĕksa,	Yang menjaga kehendak Raja, pengulu patih dan jaksa,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	lan basah satunggal mangko, tan kirang sawangipun, pan sědaya aturnya sami, Basah Prawiradirja, tan keron tyasipun, měngkana Sri Naranata, sarěng mirsa sědaya aturnya sami, mesěm aris ngandika,	dan seorang basah, kelihatannya tidak kurang." Semuanya (telah) disampaikan, Basah Prawiradirja tidak bergeming hatinya. Demikianlah Sang Raja setelah mendengar semua perkataan itu, tersenyum sambil berkata pelan,
52.	Yen měngkono wus rěmbukireki, Badar-(h.118)-rodin sira dhawuhěn, Basah Prawiradirjane, yen wus kalilan iku, ing sěbarang panuwuneki, dene caosanira, iya marang ingsun, tělung ewu saběn tanggal, sun tarima nanging iya karsa mami, nanging sewu kewala,	"Kalau begitu sudah selesai rembugan ini. Badaruddin, kau sampaikanlah (pada) Basah Prawiradirja, bahwa sudah diizinkan seluruh permintaannya. Sekarang berikanlah padaku tiga ribu setiap tanggal (yang ditentukan). Aku terima, tapi sesuai kehendakku hanya seribu saja.
53.	Akeh-akeh tan na karyaneki, lawan sapa ingkang gěntenana, mring Danurja barisane, lan Ngabdullatip iku, Badarodin lengser sing ngarsi, tan winarna wus panggya, lan Den Basah iku, wus dhinawuhakěn sadaya, Raden Basah langkung suka manahneki, měngkana aturira,	Banyak-banyak tidak ada gunanya, dan siapa yang akan mengganti para pasukan Danureja dan Ngabdullatip." Badaruddin mundur dari hadapan (raja). Tidak diceritakan, (kemudian) sudah bertemu dengan Raden Basah (Prawiradirja), sudah disampaikan semuanya. Raden Basah sangat gembira hatinya, demikian katanya,
54.	Inggih uwa kalamun marěngi, Sri Nalendra panuwun kawula, Kangjěng Pangran Ngěbehine, baris sawontěn kidul, anggěntosi Basah Dullatip, dene Raden Dipatya, kang gěntosi iku,	"Baik, Paman, kalau diizinkan oleh Paduka Raja. Permintaan saya, Kanjeng Pangeran Ngabei berbaris di selatan, menggantikan Basah Ngabdullatip. Sedangkan Raden Adipati yang menggantikan

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	Pangeran Sumanagara, lawan kula suwunakĕn nama singgih, Basah Pangran puni-(h.119)-ka,	Pangeran Sumanagara dan saya mintakan nama pangkat (bagi) Basah (adalah) Pangeran.
55.	Dene uwa kawula pribadi, pundi-pundi sĕdaya kang awrat, kula kang tulung badhene, ri wus nulya umatur, Badarodin mring Sri Bopati, sahature Den Basah, tinurutan sampun, Den Dipati tinimbalan, lawan Basah Ngabdullatip sampun prapti, neng Pĕngasih sadaya,	Sedangkan saya sendiri, di mana saja yang berat (peperangannya), saya yang akan menolong." Saat selesai, kemudian disampaikanlah (oleh) Badaruddin kepada Sang Raja seluruh perkataan Raden Basah. (Semua) sudah dituruti. Raden Adipati dipanggil beserta Basah Ngabdullatip, mereka sudah tiba di Pengasih.
56.	Ing Pengasih saya akeh jalmi, sabab sampun kang putra santana, lan Bopati miji kabeh, aneng Pĕngasih kumpul, Pangran Behi wus ngalih iki, barisa kidul Yogja, kang ngajĕngkĕn iku, sĕmangke nging kantun tiga, Pangran Pakuningrat Cakranĕgareki, lawan Jayapidĕksa,	Di Pengasih semakin banyak orang, sebab Putra Sentana dan Raja memerintahkan semua berkumpul di Pengasih. Pangeran Ngabei sudah berpindah, berbaris di Yogyakarta bagian selatan. Yang memimpin hanya tersisa tiga (orang), Pangeran Pakuningrat, Cakranegara, serta Jayapideksa.
57.	Laknatolah langkung agĕngneki, karya beteng aneng Pananggulan, kang punggawa katigane, datan kuwawi iku, anadhahi nulya tur uning, dhumatĕng Raden Basah, pan katungkul iku, anampani kang lapur-(h.120)-an, lawan arta lan nyambi nata prajurit, ngantos kĕlajĕng dadya,	Laknatolah sangat banyak jumlahnya, membuat benteng di Pananggulan. Ketiga punggawa tidak kuat menghadapi, kemudian memberi tahu kepada Raden Basah bahwa (mereka) kalah. (Raden Basah sudah) menerima laporan serta uang sambil menata prajurit, sampai semua jadi.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
58.	Ingkang beteng kapirsa Nrěpati, Raden Basah pan ngantos kadukan, gya mangkat saking pondhoke, lan saprajuritipun, nulya baris ing Sadhang iki, pan sampun jěng-ajěngan, nging lět kalih dhusun, tan wontěn purun majěnga, nulya nuhun Raden Basah mring Něrpati, Raden Jayanagara,	Benteng itu diketahui oleh Raja, Raden Basah sampai dimarahi, segera berangkat dari pondoknya beserta seluruh prajuritnya, kemudian berbaris di Sadhang. Sudah berhadap-hadapan tapi berselang dua dusun, tidak ada yang mau maju. Kemudian Raden Basah meminta pada Raja, Raden Jayanegara
59.	Lawan Raden Puthut Lawa iki, sakancanya mantri lěbět lawan, prawira tamtama mangke, gya pinaringkěn iku, sampun mangkat saking Pěngasih, Raden Prawiradirja, mapan aturipun, badhe ngantěp ing ngayuda, marmanipun nuwun abdi dalěm kalih, mantri lěbět tamtama,	serta Raden Puthut Lawa dan seluruh pasukannya mantri dalam, serta prajurit pilihan. Segera diizinkan, (mereka) sudah berangkat dari Pengasih. Raden Prawiradirja memberitahu, (bahwa) hendak bersungguh-sungguh dalam perang, itu sebabnya meminta dua abdi dalem, mantri dalam, prajurit pilihan,
60.	Amrih ajrih sagung kang prajurit, Seh Muhamad Usman Ali Basah, mapan sarěng ing praptane, aneng Sadhang sědarum, kang Bulkiya mantri (h.121) jro iki, tamtama sarěng enjang, němbang těngareku, Den Basah Prawiradirja, Laknatolah pinuju samya jěngneki, mapan kadya sěmayan,	agar takut seluruh prajurit Syekh Muhammad Ngusman Ali Basah. Bersamaan kehadiran (mereka) di Sadhang, semua prajurit Bulkiya, prajurit dalam, (dan) prajurit pilihan. Ketika pagi hari membunyikan seruan perang Raden Basah Prawiradirja. Pasukan Laknat diarahkan semua maju ke depan, seperti yang sudah disepakati.
61.	Samya kehnya tan kuciwa sami, sarěng prapta tarus[6] campuh yuda, mapan kělangkung ramene,	Sedemikian banyaknya, semua tidak mengecewakan. Setelah sampai kemudian bertempur di

[6] Sesuai konteks dibaca *tĕrus*

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	usar samya usar pangguh, Eslam dharat campuh pělangkir, měngkono Kěbo Nyabrang, lawan Marga Ewuh, sing Pěngasih sěsanděran, mapan api ingutus mring Sri Bopati, kinen ningali yuda,	medan perang, sangat ramai. Usar melawan usar, pasukan Islam darat melawan *pelangkir,* demikian (pula) Kebo Nyabrang melawan Marga Ewuh. Yang dari Pengasih melarikan diri, berpura-pura menyampaikan pada Sang Raja, disuruh melihat peperangan.
62.	Mapan kalih calunthangan sami, kalangěnan samya gěculira, Raden Prawiradirjage, lawan Seh Usman iku, langkung ajrih sarěng ningali, dhumatěng Kěbo Nyabrang, lawan Marga Ewuh, jělih-jělih saking wuntat, nguwuh-uwuh lamun dinuta Nrěpati, dadya sagung pratiwa,	Dua orang (itu) ugal-ugalan, teramat gembira, (bersikap) kurang ajar. Raden Prawiradirja segera beserta Syekh Ngusman, sangat takut saat melihat Kebo Nyabrang serta Marga Ewuh berteriak-teriak dari belakang, memanggil-manggil (karena mereka) utusan Raja. Sehingga seluruh senapati,
63.	Mapan samya angawaki jurit, wus nirbaya tanpa wikara, basah kalih pangiride, tan pantara wus carub, Laknat Eslam dados satunggi-(h.122)-l, sanjata mriyěm pějah, kang prang samya wuru, nging sangkuh lan waos ika, ingkang majěng angsal pitulung Yyang Widi, Laknat lajěng bělasah,	semua menghadapi peperangan, sudah berani dan teguh. Kedua basah (yang menjadi) pemimpinnya. Tidak lama kemudian sudah bertempur, Laknat dan Islam (bercampur) menjadi satu, senjata meriam ditembakkan, yang berperang semua membabi buta, hanya dengan *sangkuh* dan tombak. Yang maju (berperang) mendapat pertolongan Tuhan, pasukan Laknat lalu tumbang.
64.	Bangkenira kědhik ingkang urip, pěngagěngnya Laknat pan kěcandhak, mayor lawan kapitane, kědhik ingkang lumayu, pan binuru lajěng angungsi,	Jasad-jasadnya sedikit yang (masih) hidup, pemimpin Laknat tertangkap, mayor dan kapitennya. Sedikit yang (berhasil) kabur, diburu lalu berlindung,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	manjing mring beteng samya, pan lajĕng kinĕpung, samya yun rinangsang pisan, dereng kontung Den Dolah Puthut Laweki, kenging mariyĕm kontal,	semua masuk ke benteng lalu dikepung. Hendak dipanjat sekaligus (bentengnya), (namun) belum beruntung. Raden Dolah Puthut Lawa mendapat tembakan meriam,
65.	Nanging angsal pitulung Yyang Widi, tan tumama Dolah Jayanagara, kenging mariyĕm kapale, ingkang wĕsta pun Jugul, lajĕng pĕjah tamtama katri, kang prapta sabillolah, pan panji sĕdarum, kala mĕksih rukĕtira, mapan sampyuh lan mayor kapitan sami, dadya mundur sadaya,	tapi menerima pertolongan Tuhan, (sehingga) tidak kena. Dolah Jayanegara kudanya terkena meriam, yang bernama Si Jugul, kemudian tewas. (Sejumlah) tiga prajurit pilihan yang mati sabil. Seluruh panji, saat itu masih kuat perkelahiannya, mati bersama mayor dan kapitan, sehingga semua mundur.
66.	Dereng kuntung benteng bĕdhahneki, mapan kathah angsalnya bandhangan, sanjata lit lan kapale, mriyĕm satunggal iku, nanging da-(h.123)-tan binĕkta sami, katungkul rarĕbatan, sanjata lit iku, dadi kang katur Nalendra, nanging polet nanging gangsal warni-warni, mapan wus tan winarna,	Belum berhasil membobol benteng, (meski) banyak mendapat jarahan. Senjata-senjata kecil dan kuda, (serta) sebuah meriam, tapi tidak dibawa semua. Kalah dalam memperebutkan, senjata kecil itu. Sehingga yang disampaikan pada Raja hanya polet, lima (jumlahnya) macam-macam. Sudah tidak diceritakan,
67.	Wetan Praga Pangran Basah iki, pan kalindhih nĕnggih yudanira, Laknat lajĕng karya benteng, aneng Gamplong puniku, Raden Basah Prawiradirjeki,[7] tan purun tutulunga, tumuntĕn puniku, dadya kasep lajĕng dadya,	Pangeran Basah ada di timur sungai Praga. (Karena) kalah di peperangan, Pasukan Laknat kemudian membuat benteng di Gamplong. Raden Basah Prawiradirja tidak mau membantu kemudian

[7] Lebih satu suku kata

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	Pěnanggulan mapan wus tan bisa mijil, ingkang pinatah těngga,	menjadi terlambat sehingga (yang ada di) Penanggulan sudah tidak bisa keluar. Yang diperintahkan untuk menunggui,
68.	Pangran Pakuningrat den kantheni, ja piděksa Ki Cakranagara, binantokěn dhatěng Gamplong, Raden Basah katungkul, udur arta lan Den Dipati, dadya Sri Naranata, sangsaya lěs tyasipun, rumaos dinukan Suksma, sabab saběn saběn nurut aturneki, ingkang para niyaka,	(yaitu) Pangeran Pakuningrat ditemani yang berperawakan besar Ki Cakranegara, dikirimkan bantuan ke Gamplong. Raden Basah kalah, berebut uang dengan Raden Adipati, sehingga Sang Raja semakin terharu hatinya. Serasa Tuhan marah (padanya) sebab semua orang menuruti perkataannya, para pemimpin
69.	Datan wontěn kang karsa pribadi, Kangjěng Sultan ing dalu lan siyang, pan naming sih ing Yyang Manon, něnggih lěstare-(h.124)-nipun, ingkang dhatěng sabilolahi, sědaya katrimaa, imannya puniku, měngkana Sri Naranata, mapan nanging galih ing wěkasaneki, sih ing Allah Tangala,	tidak ada yang mempunya kehendak pribadi. Siang dan malam, Kanjeng Sultan hanya (bersandar) kepada kasih Yang Mahakuasa, akan kelestarian perihal (mereka) yang mati sabil, agar semua (amal mereka) diterimanya juga imannya. Adapun Sang Raja pada akhirnya dalam hati hanya (merasa) kasih pada Allah Swt.
70.	Dhatěng ingkang samya sabil sahid, pan sinamur měng-aměng Jěng Sultan, dhatěng ing Těrayung mangko, rěměn měsjit Těrayu, ingkang dherek nging pra ngulami, sědaya pan tinilar, neng Pěngasih iku, měngkana ingkang winarna, Kyai Maja sampun wontěn ing Bětawi, mapan kinon kongkonan,	Perihal semua orang yang telah mati sahid, ditutupi Kanjeng Sultan (dengan) bermain-main. ke Terayung. (Ia) suka dengan masjid Terayu. Yang ikut (dengannya) hanya para ulama, semua ditinggal di Pengasih. Demikianlah yang diceritakan, Kyai Maja sudah berada di Betawi,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
		diberi perintah
71.	Atur surat dhumatĕng Nrĕpati, Jendral Dhe Kok nuhun kendĕling prang, anĕnggih ingkang kinengken, Ki Dhadhapan puniku, lawan Kyai Kasan Bĕsari, Kapitan Rup punika, kathah srĕratipun, wus katur mring Sri Nalendra, sinusulkĕn dhumatĕng Trĕrayu iki, langkung ewa tyas Nata,	memberikan surat kepada Raja (bahwa) Jenderal De Kock meminta perang berhenti, demikian yang diperintahkan Ki Dhadhapan dan Kyai Kasan Besari, (serta) Kapiten Roep. Banyak isi suratnya. Sudah diberikan pada Sang Raja, disusulkan ke Terayu. Hati Sang Raja sangat kecewa.
72.	Sagung sĕrat tan arsa ningali, lajĕng kinen mangsulĕn sadaya, dhatĕng Raden Dipatine, la-(h.125)-n Raden Basah iku, dening nuwun kendĕling jurit, marĕngi Sri Nalendra, nging bicara sagung, Sang Nata wus dutan karsa, mangsa borong Den Basah Raden Dipati, Pangran Behi katiganya,	(Raja) tidak mau melihat seluruh isi surat, lalu memerintahkan untuk membalas semua pada Raden Adipati dan Raden Basah. Perihal permintaan dihentikannya perang, Sang Raja mengizinkan, tapi perihal lainnya Sang Raja sudah mengirim utusan, hendak memasrahkan pada Raden Basah, Raden Adipati (dan) yang ketiga, Pangeran Ngabei
73.	Nging satunggal wĕlingnya Nrĕpati, datan kenging lamun ngewahana, ayat kitab parentahe, ingkang ingutus pangguh, inggih lawan Raden Dipati, Mas Pangulu Pribadya, lan Dolah puniku, Badarodin Mĕlangika, Pangran Suryawijaya sĕkawan sami, lengser sing ngarsa Nata,	Tapi satu hal yang diingatkan Raja, tidak boleh merubah ayat kitab perintah. (Raja) mengutus untuk bertemu dengan Raden Adipati. Mas Pengulu Pribadi dan Dolah, (dan) Badaruddin Melangi, (serta yang) keempat, Pangeran Suryawijaya mundur dari hadapan Raja.
74.	Sri Nalendra lajĕng kondur iki, mring Pĕngasih pan wus tan winarna, Kapitan Ĕrup ature,	Sang Raja kemudian pulang ke Pengasih, sudah tak diceritakan (lagi). Kapiten Roep berkata

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	mring Raden Basah iku, pan kawula inggih winěling, mring Komsaris Jendral, ijěman puniku, kalamun parěng Sang Nata, sagung tanah kang wontěn rěsidheneki, sědaya akanthiya,	pada Raden Basah, “Saya diingatkan oleh Komisaris Jenderal, atas surat itu. Jika diizinkan Sang Raja, seluruh tanah yang ada di residennya semua ditunggui,
75.	Lan ngulami dados sami sami, sampun wontěn inggih kang parentah, De-(h.126)-n Basah alon sěbdane, ya dhingin ingsun matur, nulya Raden Basah kěpanggih, lawan Raden Dipatya, mapan ta panuju, pěpak kang putra santana, myang Pratiwa Raden Prawiradirjeki, ngaturkěn aturira,	dan para ulama bersama-sama sudah berada di (tempat) yang diperintahkan.” Raden Basah berkata pelan, “(Seperti) yang dulu hamba laporkan, kemudian Raden Basah bertemu dengan Raden Adipati, pada saat seluruh putera sentana lengkap, serta Senapati Raden Prawiradirja menyampaikan berita.”
76.	Kapitan Rup dadya angaturi, Mas Pangulu myang sagung ngulama, mapan sampun prapta mangko, pan samya rěmbagipun, sae katur Sri Narapati, měngkana lajěng soan, sěkawan puniku, wus prapta ngarsa Nalendra, mapan nuju lěnggah langgar Sri Bupati, neng surambi punika,	Kapiten Roep kemudian memberi tahu Mas Pengulu serta seluruh ulama yang sudah tiba, semua menyampaikan persetujuan Sang Raja. Demikianlah, kemudian menghadap, keempat orang itu. (Mereka) sudah tiba di hadapan Raja yang sedang duduk di langgar. Sang Raja berada di serambi.
77.	Sampun katur kang niskara sami, Sri Nalendra mesěm angandika, ya wus běněr nanging kasep, kalamun ingsun turut, iya iku wěkasaneki, dadya prang rěbud donya, paran polah ingsun, yen katěmu besuk kana,	Sudah disampaikan seluruh perkaranya, Sang Raja tersenyum sambil berkata, “Ya, sudah benar, hanya terlambat. Kalau aku turuti ya itulah akhirnya, menjadi perang berebut keduniawian. Apa yang kulakukan jika bertemu di sana kelak

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	lan kang pra dha wus prapta sabilolahi, dhingin duk ja alanang,	dan mereka sudah mati sabil. Dulu ketika *ja* berani,
78.	Nora kurang (h.127) kěmurahan Widi, tur ika měksih pěpak padha, ingkang sabil dorung[8] akeh, lan ingsun bisa iku, males marang nak putuneki, ingkang padha tininggal, ingsun datan ayun, karya pitěnah mring bala, dadya samya tumungkul tan sagěd iki, lamun malih matura,	tidak kurang kemurahan Tuhan, mereka masih dalam posisi siap. Yang mati sabil belum banyak jumlahnya. Dan aku bisa membalas pada anak cucunya yang ditinggal. Aku tidak ingin membuat fitnah pada prajurit, jadi semua tertunduk, tidak bisa berkata-kata lagi.”
79.	Sri Nalendra angandika malih, heh Danurja lan Prawiradirja, sira wangsulan dhewe, layang Bětawi iku, mapan ingsun lan paman Behi, wus aja sira ngucap, dene karsaningsun, pan wus nora owah ewah, mapan samya sandika aturnya kalih, pan wus datan winarna,	Sang Raja berkata lagi, “Hai, Danureja dan Prawiradirja, kau jawablah sendiri surat (dari) Betawi itu. Aku dan Paman Ngabei jangan kausebut. Adapun kehendakkku sudah tidak bisa diubah.” Kedua orang tersebut menerima perintah raja. Sudah tidak diceritakan.
80.	Jendral Dhě Kok mapan kirim tulis, mring Den Basah Prawiradirjeka, langkung andhap těmbungane, ngajak panggihan iku, lamun parěng lan wěktuneki, aneng ing Pěnanggulan, lawan kirim běstul, sarakit dadya Den Basah, gěng tyasira měngkana Sri Narapati, ningali (h.128) Raden Basah,	Jenderal De Kock mengirim surat pada Raden Basah Prawiradirja, sangat remeh permintaannya, (yaitu) mengajak bertemu jika boleh dan waktunya (sesuai), di Penanggulan, serta mengirimkan pistol sepasang, sehingga Raden Basah senang hatinya. Demikianlah Sang Raja melihat Raden Basah
81.	Mapan awasa bab kathah iki,	menguasai banyak hal ini,

[8] Sesuai konteks dibaca *durung*

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	kang dene ampěr pratingkah ing Laknat, ing sěbarang parentahe, marang prajurit sagung, nging satunggal kang tan ngewahi, parentahnya Nalendra, bar Jěmungah iku, ingkang měksih tinětěpan, paměrdinya Den Basah mring salat iki, gangsal wěktu tan ewah,	yang menahan tindakan pasukan Laknat, (melalui) semua perintahnya pada seluruh prajurit. Hanya satu yang tidak berubah, perintah Raja, sesudah salat Jumat itu, yang masih ditetapkan, wejangan Raden Basah tentang salat, (pada) lima waktu (salat) tidak berubah.
82.	Sri Nalendra kang dados tyasneki, nging satunggal dhatěng ingkang putra, Den Ayu Gusti Basahe, mapan tinilar iku, mring kang raka marma Nrěpati, kělangkung denya wělas, wus lami tinantun, krama dhumatěng Nalendra, datan arsa malah asring muhuni, kemutan mring kang raka,	Dengan demikian hati Sang Raja hanya (tertuju) pada satu (hal), anaknya, Raden Ayu Gusti Basah, yang ditinggal pada sang kakak sebab Raja sangat kasihan. Sudah lama ditanya (perihal) sikapnya, kepada Raja tidak mau, malah sering menangis teringat sang kakak.
83.	Mila sangět sang Nata aměrdi, kramanira dhumatěng kang putra, sabab wus sumědya katong, tilar donya puniku, kanikmatan donya tan nolih, nanging mring kělanggěngan, kang dados tyasipun, lan něnuhun mring Yyang Sukma, lěstarine sih (h.129) ing benjing akir, lan mring sagunging samya,	Itu sebabnya Sang Raja sangat menasehati (perihal) tata krama pada sang anak, sebab sudah siap Raja meninggalkan dunia ini. Kenikmatan dunia tidak dihiraukannya, hanyalah pada keabadian yang menjadi (tujuan) hatinya, dan permintaan pada Yang Mahakuasa (yakni) kasihnya terus berlanjut untuk selamanya dan bagi semuanya.
84.	Wadya Islam kang ngampahi sabil, lawan sahid muga narimaa, subkanau tangalane dhumatěng imanipun, nulya ana marmaning Widi, Den Ayu Gusti Basah,	Pasukan Islam yang mati sabil dan sahid semoga menerima (juga), Mahasuci dan Mahatinggi (atas kemurahan-Nya) terhadap imannya. Lalu ada kemurahan Tuhan, Raden Ayu Gusti Basah

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	mring kang rama nurut, langkung sokur Sri Nalendra, mring Yyang Sukma nulya kinen animbali, Basah Mĕrtanagara,	menurut pada ayahnya. Sang Raja sangat bersyukur kepada Tuhan, kemudian menyuruh memanggil Basah Mertanegara.
85.	Basah Rema kang kinen gĕntosi, ingkang rayi Den Gandakusuma, mapan wus dhinawuhake, ingkang niskara sagung, nĕnggih dhatĕng Raden Dipati, mĕngkana mapan nulya, nimbali puniku, Raden Dipati Danurja, mring Den Basah Prawiradirja wus prapti, pan lajĕng dhinawuhan,	Basah Rema yang disuruh menggantikan adik Raden Gandakusuma, sudah disampaikan seluruh perkaranya kepada Raden Adipati. Demikianlah kemudian memanggil Raden Adipati Danureja, kepada Raden Basah Prawiradirja sudah tiba, kemudian diberitahu
86.	Mapan kinen wau animbali, mring Den Basah Mĕrtanĕgarika, wus winĕrta niskarane, ing karsa Sang Sinuhun, Raden Basah langkung tyasneki, sangĕt angarsa-arsa, sanes dhawahipun, wĕkasan medal tyasira, dadi bĕcik Basah ing Bagĕ-(h.130)-len iki, lawan Basah Mĕntaram,	(bahwa) tadi disuruh memanggil Raden Basah Mertanegara. Sudah dikabarkan semuanya yang dikehendari Yang Mulia. Raden Basah sangat sedih, sangat mengharapkan perintah yang lain, akhirnya tumbuh di hatinya, menjadi baik sang Basah di Bagelen bersama Basah Mataram.
87.	Datan sanes lan Raden Dipati, mapan mĕksih gadhah putra jaka, lan Pangran Ngabdulmajide, samya gĕla tyasipun, nanging kantun kĕlair iki, pan samya ngarsa-arsa, mĕngkana winuwus, Den Basah Prawiradirja, mapan lajĕng sowan Kangjĕng Ratu iki, mring pĕsanggrahanira,	Tidak berbeda dengan Raden Adipati, masih mempunyai seorang putera yang masih muda, dan Pangeran Ngabdulmajid menyesal dalam hati, namun (penyesalan) muncul belakangan.Ssemua berharap-harap. Demikianlah diceritakan, Raden Basah Prawiradirja kemudian menghadap Kanjeng Ratu di pesanggrahannya.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
88.	Sarĕng prapta pan dinangu iki, ana apa Basah sira prapta, Den Basah atur sĕmbahe, mapan nuwun kĕpangguh, wayah dalĕm pan mumpung kenging, inggih wĕkasan panggya, benjang lamun sampun, krama kados botĕn suka, ingkang gadhah Kangjĕng Ratu ngandika ris, ingsun tan ngrungu warta,	Setibanya (ia) ditanya, “Ada apa, Basah, kau datang?” Raden Basah menjawab dengan hormat, “(Saya) minta bertemu sang cucu selagi boleh. (Ini) akhir pertemuan. Kelak kalau sudah menikah, mungkin tidak diizinkan.” Yang punya (cucu), Kanjeng Ratu, berkata pelan, “Aku tidak mendengar berita
89.	Sapa ingkang bakal den paringi, Raden Basah matur esmu waspa, nĕnggih basah ing Pagĕlen, Jĕng Ratu Agĕng iku, ingkang wayah dipuntimbali, Den Ayu Gusti Basah, sampun prapta ngayun, Den Basah Prawiradirja, lajĕng nangis sumungkĕm pangkonireki, e-(h.131)-mut dhatĕng kang swarga,	siapa yang akan diberi.” Raden Basah menyampaikan sambil menangis perihal basah di Pagelen. Kanjeng Ratu Ageng cucunya dipanggil (saat itu juga), Raden Ayu Gusti Basah sudah sampai di depannya. Raden Basah Prawiradirja kemudian menangis (dan) sungkem di pangkuannya, teringat pada yang sudah meninggal.
90.	Pan katiga samya muhunneki, Kangjĕng Ratu Agĕng mring kang wayah, Jĕng Gusti Iman Basahe, mapan wus tan cinatur, kawarnaa wau kang prapti, Basah Martanagara, wus katur Sang Prabu, karsanira Sri Nalendra, ingkang kinon mangku Rahaden Dipati, Basah Martanagara,	Ketiga orang itu semua memohon Kanjeng Ratu Ageng pada sang cucu, Kanjeng Gusti Iman Basah. Sudah tidak diceritakan. Diceritakanlah ia yang sampai, (yakni) Basah Mertanegara, sudah disampaikan Sang Raja kehendak Sang Raja, yang diperintahkan memangku Raden Adipati, Basah Mertanegara,
91.	Kangjĕng Raden Ayu Gusti iki, ingkang kinon wau mangku iki,	Kanjeng Raden Ayu Gusti, yang diperintahkan memangku tadi,

<table>
<tr><th>No.</th><th>Alih Aksara</th><th>Terjemahan</th></tr>
<tr><td></td><td>Den Basah Ngabdulatipe,
aneng Bĕndungan iku,
para putra pĕpĕkan sami,
pan Kangjĕng Panĕmbahan,
lawan Kangjĕng Ratu,
ingkang nĕnggani ika,
neng Bĕndungan ri wus pinanggihneki,
mapan lajĕng ingarak,</td><td>Raden Basah Ngabdullatip,
(agar) berada di Bendungan.
Para putera semua bersiap-siap,
Kanjeng Panembahan
dan Kanjeng Ratu
yang menunggui
di Bendungan. Ketika sudah bertemu
kemudian diarak</td></tr>
<tr><td>92.</td><td>Sing Pĕngasih mring Bĕndungan iki,
mapan nuju ing wulan ramĕlan,
tanggal kaping pitulase,
putra santana sagung,
myang pratiwa kang dherek iki,
prajurit mapan samya,
jajar ri ingayun,
langkung kathah jalma ningali,
mapan ngantos lampahan sadintĕn prapti,
samya enggar tyasi-(h.132)-ra,</td><td>dari Pengasih ke Bendungan.
Sedang bulan Ramelan,
tanggal tujuh belas.
Putera sentana semua
dan adipati yang mengikuti,
(sedangkan) seluruh prajurit
berbaris di depan,
sangat banyak orang-orang yang melihat
(mereka).
Perjalanan mencapai satu hari (lalu) tiba,
semua senang hatinya.</td></tr>
<tr><td>93.</td><td>Ning Den Basah Prawiradirjeki,
ingkang datan tumut dherek ika,
kalawan saprajuritne,
wus tan winarna iku,
kawarnaa Jendral puniki,
nĕrangkĕn bab panggihan,
Pĕnanggulan iku,
Raden Basah wangsulannya,
ngajak panggih aneng Dhusun Turus iki,
lajĕng tan kadadosan,</td><td>Hanya Raden Basah Prawiradirja
yang tidak ikut mereka
beserta seluruh prajuritnya.
Sudah tidak diceritakan hal itu.
Diceritakanlah Jenderal
menjelaskan perihal pertemuan
di Penanggulan.
Raden Basah menjawab
mengajak bertemu di Dusun Turus
kemudian tidak terlaksana,</td></tr>
<tr><td>94.</td><td>Lajĕng taken pikajĕnganeki,
Raden Basah mapan wangsulan,
nyarah mring Jendral kajĕnge,
tigang prĕkawis iku,
kendĕl lawan bicantĕn iki,
katiga lawan aprang,
Jendral pan tinurut,</td><td>lalu bertanya kehendaknya.
Raden Basah menjawab
terserah pada kehendak Jenderal
(tentang) ketiga perkara itu.
Berhenti dengan pembicaraan ini,
ketiganya menentang peperangan.
Jenderal dituruti,</td></tr>
</table>

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	punapa sakajĕngira, Jendral mapan Raden Basah kang nadhahi, Jendral lajĕng milih aprang,	apapun kehendak Jenderal, Raden Basah yang menyanggupi. Jenderal lalu memilih berperang,
95.	Dadya lajĕng ngangkat aprang malih, wulan sawal kendĕl tigang wulan, Sang Nata mapan karsane, dene Tanah Mĕntarum, Raden Basah lan Pangran Behi, kang kinen nindhihana, sagung aprang iku, Sri Nalendra mapan arsa, alĕmana prajurit (h.133) tinilar sami, anging bĕkta Bulkiya,	sehingga kemudian berperang lagi. Pada bulan Sawal berhenti selama tiga bulan. Kehendak Sang Raja adapun Tanah Mataram, Raden Basah dan Pangeran Ngabei yang disuruh mempimpin seluruh perang itu. Sang Raja ingin memuji prajurit yang ditinggal, hanya membawa Bulkiya.
96.	Suranata Suryagama iki, mantri jĕro prajurit tamtama, Jayengan iku usare, mapan pangiridipun, Basah Ngusman Basah Dullatip, lawan Raden Dipatya, putra sĕntaneku, ingkang dherek nanging gangsal, Pangran Prabu lawan Pangran Ngabdul Rakim, Pangran Dipanagara,	Suranata Suryagama sebagai prajurit pilihan, Jayengan sebagai usar, yang (menjadi) pemimpinnya Basah Ngusman, Basah Ngabdullatip, dan Raden Adipati. Putera sentana yang ikut hanya lima (orang), Pangeran Prabu, Pangeran Ngabdulrakhim, Pangeran Dipanegara,
97.	Pangran Adinagara puniki, Pangran Suryadipura kalawan, Mas Pangulu sakancane, kang pra ngulama iku, sampun budhal saking Pĕngasih, mapan sarĕng kalawan, Pangan Behi iku, budhal mring sakidul Yogja, sawadyanya Raden Basah kang ngĕnggeni, ing Pĕngasih punika,	Pangeran Adinegara, Pangeran Suryadipura, serta Mas Pengulu dan pasukannya. Para ulama sudah berangkat dari Pengasih, beserta dengan Pangeran Ngabei, berangkat ke Yogyakarta bagian selatan. Seluruh pasukan Raden Basah yang menunggui di Pengasih.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
98.	Tan winarna niskaranya sami, ingkang aprang wus rame sadaya, kawarna Kangjěng Sang Katong, Pagělen sampun rawuh, měsanggrahan ing Rati iki, urut sewu marganya, animbali iku, basah ing Pagělen tiga, (h.134) Raden Gandakusuma wus prapti, Basah Ngabdulmahyika,	Tidak diceritakan seluruh kejadiannya, yang berperang sudah riuh ramai. Diceritakanlah Kanjeng Raja, sudah tiba di Pagelen, bersinggah di Ranti, berjajar berurutan di sepanjang jalan, memanggil tiga basah di Pagelen. Raden Gandakusuma sudah sampai, Basah Ngabdulmuhyi,
99.	Raden Basah Prawirakusumeki, sampun panggih lan Raden Dipatya, samya dhinawuhan mangko, lamun Sang Nata ayun, tědhak marang ing Gowong iki, wingking samya den yitna, těngga tanahipun, nging Basah Pagělen těngah, Ngabdulmuhyi kinarsakěn dherek iki, lan saprajuritira,	(dan) Raden Basah Prawiradirja sudah bertemu dengan Raden Adipati. Semua sudah diperintahkan bahwa Sang Raja ingin mengunjungi Gowong. Semua berjaga di belakang, menunggu tanah mereka. Hanya Basah Pagelen Tengah Ngabdulmuhyi yang dikehendaki ikut, beserta prajuritnya.
100.	Dening buri sira kang ngopeni, lamunana mungsuh ingkang těka, basah kang katěmpuh karo, mring ruměksane iku, basah kalih samya turneki, sandika tan winarna, Sri Nalendra iku, saking Ranti sampun budhal, lan sawadya kuswa kang dadya pěngarsi, Basah Yudakěnaka,	“Di belakang kau yang mengurus, jika ada musuh yang datang, kedua basah yang bertugas menghadapi dan menjagai. Kedua basah menyetujui. Tidak diceritakan Sang Raja sudah berangkat dari Ranti beserta seluruh pasukan. Yang memimpin (adalah) Basah Yudakenaka.